

## GEN CHANJMAN KI FÈT NAN MANYÈL POU MANM YO POU L KA GEN PLIS SÈVIS

### Moun ki Pa Sitwayen ki Gen 65 An e ki Pi Gran

Moun ki pa sitwayen ki gen 65 an e ki pi gran yo ka enskri nan Plan Managed Care Medicaid nan MetroPlusHealth la. Anvan sa a, moun sa yo te ka sèlman resevwa sèvis pou ijans medikal lè yo itilize kat Medicaid yo a. Kounye a, moun sa yo ap gen aksè ak sèvis swen sante konplè MetroPlusHealth bay, ki mansyone yon fason konplè nan Pati II nan manyèl enfòmasyon sa a.

Men sèvis MetroPlusHealth bay, men se pa sa yo sèlman:

- swen pou fè prevansyon tankou vaksen ak konsiltasyon
- sèvis sante mantal,
- swen pou dan,
- swen pou je,
- sèvis planin familyal,
- resepsyon swen sante, ak
- sèvis nan mezon retrèt.

Manm ki kalifye yo ka gen aksè ak avantaj famasi NYRx yo tou, pwogram famasi Medicaid la, lè yo itilize kat Medicaid yo a.

**Remak:** asirans lan pa kouvri transpò ki pa ijan pou moun sa yo.

Pou w aprann plis konsènan sèvis ki disponib yo, tanpri rele Sèvis Manm yo nan 800.303.9626 (TTY: 711).